

# KONNEN DWA W: SENK BAGAY PARAN YO DWE KONNEN SI ICE KENBE YO

25 novanm 2025

Paran ak gadyen legal Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement - ICE) kenbe yo gen dwa pou yo pran desizyon sou swen pitit yo ki minè, menm lè yo nan detansyon ICE. ICE konsidere yon “timoun minè” kòm yon timoun ki poko gen 18 lane. Paran ak gadyen legal ki gen yon dosye devan otorite byennèt sosyal nan eta yo ye a, gen dwa pou yo kontinye patisipe nan dosye sa a tou. Nan mwa jiyè 2025, administrasyon Trump la te pibliye yon nouvo règleman pou ofisye ICE, sou sa yo dwe fè lè yo arete epi mete paran ki gen timoun minè nan detansyon nan Etazini. Nou konnen ICE pa toujou respekte dwa moun. Sepandan, anba a, gen senk bagay ou dwe konnen sou dwa w kòm paran dapre règleman an ak kijan pou mande yo.



**Avètisman jiridik:** Resous sa a bay enfòmasyon jeneral. Li pa konsèy jiridik ki adapte espesifikman ak sitiyasyon w lan. Pou jwenn yon avoka imigrasyon, ou ka chèche sèvis jiridik atravè kòd postal. Pou w fè sa, ale sou National Immigration Legal Services Directory nan <https://tinyurl.com/94catnxt> oswa eskane kòd QR la.

## 1 Ou gen dwa pou pran desizyon sou swen ak gad pitit ou a nan moman ICE arete w la.

Si ICE arete w, règleman ICE di ofisye k ap arete w la dwe pèmèt ou fè aranjman pou swen pitit ou. Ou ka mande pou rele fanmi ou oswa yon lòt moun ou fè konfyans pou vin pran pitit ou a epi fè plan pou swen li. ICE sipoze tann jiskaske moun sa a rive epi yo pa sipoze kite pitit ou a pou kont li. Si ou pa ka jwenn yon moun pou pran swen pitit ou a oswa si ofisye k ap arete w la panse pitit ou a ap sibi abi ouwa neglijan, règleman ICE di ofisye a dwe rele sèvis pwoteksyon timoun. Nan ka sa a, ajans sa a ap vini pou pran gad pitit ou a.

Si ICE ap arete w, règleman yo a di yo pa dwe pran pitit ou a tou. Sa vle di ofisye ICE yo pa gen dwa mete pitit ou a nan machin yo oswa pran l nan men yon paran y ap arete, sòf si yo gen yon manda pou arete pitit la tou.

## Li enpòtan tou pou w konnen:

- Ou pa oblije di ajan imigrasyon an estati imigrasyon pitit ou a. Ou dwe sèlman di yo kiyès ki pral pran swen pitit ou a epi mande pou rele moun sa a. Moun ou chwazi pou pran swen pitit ou a ta dwe gen estati legal oswa sitwayènte Etazini.
- Si w gen yon pitit ki te vini Etazini pou kont li epi aprè sa gouvènman an te mete l anba swen w (yon timoun yo konsidere kòm “timoun san akonpayman” oswa ki te “timoun san akonpayman”), règleman ICE di ofisye k ap arete w la dwe kontakte otorite lokal yo.
- Si ofisye k ap arete w la gen yon manda pou pitit ou a oswa li dekouvri pitit ou pa gen estati legal, yo ka mete pitit ou a nan detansyon avèk ou. Yo ka voye w nan yon sant pou granmoun epi yo ka voye pitit ou a nan yon lòt sant pou timoun, oswa yo ka mete nou nan prizon ansanm.
- Si pitit ou se yon sitwayen Etazini oswa li gen estati legal valid, ICE pa sipoze arete ou oswa mete l nan detansyon.

# KONNEN DWA W: SENK BAGAY PARAN YO DWE KONNEN SI ICE KENBE YO

## 2 Ou gen dwa pou yo kite w rete tou pre pitit ou a epi rete an kontak ak li pandan ou nan detansyon.

Pandan w nan detansyon ICE, règleman ICE di yo pa dwe transfere w oswa deplase w lwen pitit ou a. Si pitit ou a gen yon dosye tribinal devan otorite pwoteksyon timoun, ICE dwe kenbe w tou pre tribinal sa a. Si gen yon sant detansyon ki pi prè pitit ou a oswa tribinal timoun nan, ou ka mande ICE pou deplase w la. Desizyon an depann de ICE pou aksepte oswa refize demann ou a.

Si w vle wè pitit ou a pandan w nan detansyon, ou gen dwa pou gen vizit regilye ak pitit ou a. Règleman ICE di ou dwe fè demann ou an alekri. Pa kite sa anpeche w pou w mande pou vizite pitit ou a an pèsòn, men saka rive ou ka gen pou ekri l oswa fè yon moun ede w ekri l. Estaf ki nan prizon an sipoze ede òganize yon vizit nan 30 jou aprè ou mande sa. Nan kèk prizon, yo pa pèmèt vizit an pèsòn. Si se konsa, estaf prizon an dwe ede w gen yon apèl videyo oswa apèl telefòn ak pitit ou a. Epitou, ou ka mande pou yo deplase w nan yon prizon ki pèmèt vizit an pèsòn, men ICE pa pwomèt y ap aksepte demann sa a.

Si yon tribinal oswa yon ajans pwoteksyon timoun egzije w vizite pitit ou a, règleman ICE yo di yo dwe fè vizit sa a posib.

## 3 Ou ka mande èd nan men travayè yo deziyen nan pifò sant detansyon yo pou ede w fè plan pou pitit ou yo.

Gen kèk prizon ki gen moun yo rele “kowòdonatè gad ak depòtasyon.” Yo pa menm ak ofisye ICE ou a. Gen kèk prizon ki ka rele yo “travayè sosyal” menmsi sa pa tit ofisyèl yo. Travay yo se ede w fè plan pou yon lòt moun pran swen pitit ou a pandan ou nan detansyon ICE. Epitou, yo ka ede w pale ak yon travayè nan sistèm byennèt sosyal timoun, si w gen yon pitit ki nan sistèm tribinal la epi ou bezwen èd pou ranpli kondisyon plan dosye a egzije pou rebran pitit ou a. Èd sa a ka gen ladan:

- Ede pou aranje apèl telefòn oswa videyo ak avoka.
- Ede w mande yon vizit nan konsila w la pou aplike pou paspò oswa lòt dokiman vwayaj.
- Ede pou aranje apèl oswa rankont ak yon travayè sosyal, si pitit ou a nan sistèm byennèt sosyal timoun.
- Pataje enfòmasyon ak moun k ap pran swen pitit ou a sou kilè yo ka depòte w pou nou ka eseye ale ansanm.

Epitou, li enpòtan pou di kowòdonatè gad ak depòtasyon an oswa nenpòt lòt estaf nan sant detansyon an si sitiyasyon w kòm paran chanje pou yo ka asire yo pwoteje dwa w antanke paran. Pa egzanp, si ou menm oswa patnè w gen yon nouvo tibebe ki fèt pandan w nan detansyon an, oswa si youn nan pitit ou yo antre nan sistèm byennèt sosyal timoun nan eta a, li enpòtan pou kowòdonatè gad ak depòtasyon an konnen.

# KONNEN DWA W: SENK BAGAY PARAN YO DWE KONNEN SI ICE KENBE YO

## 4 Ou ka patisipe nan dosye tribinal byennèt sosyal pitit ou a pandan ou nan detansyon ICE.

Si w gen yon pwosesis pou fanmi ou pou byennèt sosyal timoun ki nesès pou kenbe ou rebran gad pitit ou a, ou gen dwa pou parèt an pèsòn pou odyans sa a. Ou menm, tribinal la, ouwa ajans byennèt sosyal timoun nan tribinal la dwe bay ICE yon dokiman alekri ki di ou dwe patisipe nan pwosesis sa yo. Dokiman sa a ka yon avi tribinal, yon lèt ouwa yon òdonans tribinal.

Si ICE di yo pa ka mennen w nan tribinal an pèsòn, yo ka aranje yon lòt mwayen pou w kapab patisipe, tankou fè w patisipe atravè telefòn ouwa videyo. Si gen yon kowòdonatè gad ak depòtasyon nan prizon kote yo kenbe w la, li ka ede aranje sa tou.

## 5 Ou ka decide si pitit ou a ap rete Etazini epi fè lòt aranjman pou swen li, si yo pral depòte w.

Si ICE pral depòte w, ou gen dwa pou pran desizyon sou sa k ap rive pitit ou a. Ou ka decide pou pitit ou a rete Etazini, kit li se yon sitwayen Etazini ouwa yon timoun imigran, menm si li pa gen estati legal. Pandan se chwa w pou pitit ou rete Etazini, règleman ICE di ofisye a oblije fè ou mete desizyon sa a alekri. Si sa pa fèt, ofisye ICE yo dwe fè sèman pou di se sa w te di yo a se te chwa w. Kowòdonatè gad ak depòtasyon an ouwa lòt estaf yo sipoze ede w fè plan pou kite pitit ou nan men yon lòt moun k ap pran swen l, si se sa w chwazi.

Ou ka decide tou pou pitit ou a kite Etazini epi ale avèk ou. Sa gen ladan timoun sitwayen Etazini ak timoun imigran. Nan kèk ka, ICE ka ba w tan pou achte tikè avyon pou nou ka kite peyi a ansanm. Sa ka rive tou yon timoun ale nan peyi w aprè yo fin depòte w. Epi tou, ICE sipoze pèmèt ou pale ak avoka, konsila ak manm fanmi pou ede w fè plan epi siyen dokiman enpòtan yo anvan w kite peyi a.

Ou ka fè yon chwa diferan pou chak nan timoun ou yo si se sa ou panse k ap pi bon pou yo. Se ou ki pou fè chwa sou sa k ap rive timoun ou yo, kèlkeswa sa ofisye ICE yo ta di w.

## Kisa pou fè si ICE pa swiv pwòp règleman yo?

Nou konnen anpil paran imigran ka pa gen tan ouwa lajan pou anboche yon avoka pou pale pou yo. Si ofisye ICE ou a ap inyore demann ou yo, ouwa si kowòdonatè gad ak depòtasyon yo pa ede w, ou ka eseye rele Liy Detansyon, Depòtasyon ak Enfòmasyon ICE (Detention, Removals, and Information Line - DRIL) pou depoze yon plent.

Liy sa a gratis pou moun ki nan detansyon ICE. Liy DRIL la gen moun ki pale plizyè kalite lang epi ki ka pale avèk ou, men ou ka oblije tann sou liy lan. Chèche yon afich nan inite lojman w lan ki gen nimewo liy **DRIL la (li ka 9116# ouwa 1-888-351-4024)**.